

# 20 septanm

**Lè n ap pase sou lanmè, m ap kanpe la avèk nou. Lè n ap janbe gwo dlo, dlo a p ap bwote nou ale. Lè n ap mache nan mitan dife, dife p ap boule nou. Flanm dife a p ap fè nou anyen.** Ezayi 43. 2

**Lè ou nan tray, rele m, ma delivre ou. Wa fè lwanj mwèn.** Sòm 50. 15

## **Founèz la**

### *Li Danyèl 3*

Nebikadneza, wa Peyi Babilòn, mete kanpe yon estati an lò e li mande tout pèp li a pou adore estati a, kòmsi se te yon bondye. Men twa jenn Ebre yo te vle obeyi Bondye pa yo a. Yo konnen premye kòmandman li an : “Piga ou gen lòt Bondye pase mwèn. Piga nou janm fè okenn estati... Piga nou adore yo... paske mwèn, Senyè a, Bondye ou an, mwèn se yon Bondye ki fè jalouzi” (Egzòd 20. 3-5). Donk yo te deside pou yo pa mete ajenou devan estati a. Yo te denonse yo e yo te mennen yo devan wa ki te tonbe fè kòlè. Li ba yo yon dènye chans : si yo mete ajenou devan estati a, li pap fè yo boule yo tou vivan. Men jennjan yo fè Bondye yo a konfyans, e yo reponn wa a : “Bondye nou an... ka wete nou nan gwo fou tou limen an, li ka delivre nou tou anba men ou... nou pap adore estati lò ou a” (Danyèl 3. 17-18). Wa a fè yon sèl kòlè, li bay lòd pou jete twa jenn gason yo tou mare nan dife a. Men, ki kalite sipriz ! Sèl kòd ki te mare yo a ki boule. Twa Ebre yo ka mache san pwoblèm nan mitan dife a, e gen yon katriyèm moun. Se Bondye li menm ki la avèk yo pou pwoteje yo kont pisans dife a.

Wa a te tèlman sezi, li mande yo pou soti nan dife a. E tout moun te ka wè mirak Bondye te fè pou temwen fidèl li yo.

Bondye pa janm kite lafwa san repons, menm si kèk mouri tankou mati. Si eprèv la rive, ann piye nou tou san bri san kont sou Bondye. Li va reponn.

# 20

septembre

**Quand tu passeras par les eaux, je serai avec toi, et par les rivières, elles ne te submergeront pas ; quand tu marcheras dans le feu, tu ne seras pas brûlé, et la flamme ne te consumera pas.** Ésaïe 43. 2

**invoque-moi au jour de la détresse : je te délivrerai, et tu me glorifieras.** Psaume 50. 15

## **La fournaise**

*Lire Daniel 3*

Nébucadnetsar, roi de Babylone, dresse une statue d'or et demande à tout son peuple de l'adorer, comme si c'était un dieu. Mais trois jeunes Hébreux veulent obéir à leur Dieu. Ils connaissent son premier commandement : "Tu n'auras pas d'autres dieux devant ma face. Tu ne te feras pas d'image taillée... Tu ne t'inclineras pas devant elles... car moi, l'Éternel, ton Dieu, je suis un Dieu jaloux" (Exode 20. 3-5). Ils décident donc de ne pas se prosterner devant la statue. Ils sont dénoncés et amenés devant le roi dont la colère éclate. Il leur laisse une dernière chance : s'ils se prosternent devant la statue, ils ne seront pas brûlés vifs. Mais les jeunes gens font confiance à leur Dieu, et répondent au roi : "Notre Dieu... peut nous délivrer de la fournaise de feu ardent, et il nous délivrera de ta main... nous n'adorerons pas la statue d'or" (Daniel 3. 17-18). Furieux, le roi ordonne qu'on jette les trois hommes liés dans le feu. Mais quelle surprise ! Seuls leurs liens brûlent. Les trois Hébreux peuvent marcher librement au milieu du feu, et ils sont accompagnés d'une quatrième personne. C'est Dieu lui-même qui est là avec eux et les protège de la puissance du feu.

Le roi, frappé de stupeur, leur demande alors de sortir du feu. Et tous peuvent voir le miracle accompli par Dieu en faveur de ses fidèles témoins.

Dieu ne laisse jamais la foi sans réponse, même si certains sont morts en martyrs. Si l'épreuve arrive, appuyons-nous paisiblement sur Dieu. Il répondra.